

Pwotokòl Akò Ant
Komite Lekòl Boston Ak
United Steelworkers, Lokal 2936 (Monitè Otobis)

Pwotokòl Akò sa a ("Akò") fèt jodi a Desanm 2022 ant
Komite Lekòl Vil Boston ("Komite a") ak United Steelworkers sou non Local 2936 ("Inyon"
oswa "Monitè Otobis"). Akò sa a depann de ratifikasyon manm sendika a, apwobasyon
Komite a, ak afektasyon siplemantè Konsèy Vil Boston.

Eksepte jan Akò a modifiye ekspresman, kondisyon ak dispozisyon akò negosyasyon kolektif
pati yo ki an vigè depi 1 ye jiyè 2017 jiska 30 jen 2020 ap kontinye anplis ak efè depi 1 ye jiyè
2020 jiska 30 jen 2022. Sendika a dwe rekòmande ak pouswiv ratifikasyon ak apwobasyon Akò
a pa manm li yo:

1. Ajisteman Salè

a. Ogmantasyon pri:

- i. Efektif 9/1/20: 2% Ogmantasyon (retwoaktif)
- ii. Efektif 9/1/21: 1.5% Ogmantasyon (retwoaktif)

Peman retwoaktif pral limite pou anplwaye BPS yo nan dat Inyon an ratifye Akò sa a ak pou
anplwaye ki te separe de BPS volontèman akòz demisyon oswa retrèt. Anplwaye ki te ranvwaye
oswa ki te absan san konje anvan ratifikasyon akò sa a pa dwe kalifye pou peman retwoaktif la.

Pou United Steelworkers, Ekip Negosyasyon Lokal 2936 :

Gail Titus-Jefferson, Prezidan

Angela Brown, Vis-Prezidan

Lowell Alexander, Reprezantan Entènasyonal

Pou Ekip Negosyasyon Komite Lekòl Boston :

Delavern Stanislaus, Direktè Transpò

Eliza Mina, Avoka Travayè

Mary Skipper, Siveyan